



Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EKZEKITIF POU PWOTEJE AK RANFÒSE NETRALITE NAN NEW YORK

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a yon dekrè ekzekitif pou pwoteje ak ranfòse netralite entènèt nan New York. Atravè Dekrè Ekzekitif sa a, gouvènman Eta New York la resevwa lòd pou li pa rantrè nan pyès kontra pou sèvis entènèt sof si konpayi ki founi sèvis entènèt (ISP) aksepte pou li swiv prensip netralite entènèt.

“Desizyon danjre FCC a ale kont valè fondamantal demokrasi nou an, epi New York pral fè tout sa li kapab pou pwoteje netralite entènèt ak echanj lib ide yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak dekrè ekzekitif sa a, n ap reyafime angajman nou pou libète ak demokrasi epi ede asire Entènèt rete lib epi louvri pou tout moun.”

Dekrè ekzekitif ki siyen an disponib [isit la](#) epi tèks la parèt pi ba a.

**Non 175**

### DEKRÈ EGZEKITIF

#### **ASIRE PWOTEKSYON NETRALITE ENTÈNÈT POU MOUN NEW YORK**

**KOTE**, Entènèt rete yon sèvis esansyèl ki ta dwe rete disponib pou tout moun New York;

**KOTE**, echanj enfòmasyon nan fason lib, sa enkli kapasite pou yo aksede a kontni yo chwazi ki sekirize anba pwoteksyon netralite entènèt, se yon bagay tout moun New York atann ak depann de li.

**KOTE**, konpayi nan New York bezwen posiblite pou yo atenn nouvo mache, fè konkirans nan yon ekonomi k'ap vini pi global pi plis, epi atire nouvo talan atravè yon entènèt ki lib epi louvri;

**KOTE**, etidyan nan New York depann de yon entènèt ki lib ak louvri pou aprann epi aksede a enfòmasyon ki depase aksesibilite fizik yo;

**KOTE**, enstitisyon edikasyon atravè New York depann de yon entènèt ki lib epi louvri pou anseye epi ede elèv yo grandi;

**KOTE**, anplwaye Eta New York bezwen aksè a yon entènèt ki lib ak louvri pou reyalize aktivite nan non moun ki nan Eta New York;

**KOTE**, moun New York depann de yon entènèt ki lib ak louvri pou kominike ak fanmi ak zanmi, patisipe nan pwosesis demokrasi a, fè rechèch sou desizyon enpòtan pèsònèl ak pou fanmi an, ak anprann epi distè yo;

**KOTE**, Komisyon Federal pou Kominikasyon (Federal Communications Commission, FCC) te chwazi resamman pou retire pwoteksyon pou yon entènèt ki lib ak louvri pou yo ka satisfè enterè kòporatif yo ki pa aliye ak enterè moun New York;

**KOTE**, FCC te opine vyolasyon prensip netralite entènèt te ka pi byen parèt anba aspè lalwa pou komès ak pratik biznis federal, se gouvènman onivo eta yo ki ka aplike li;

**KOTE**, anpil nan Founisè Sèvis Entènèt (Internet Service Providers, ISP) nan New York te pran angajman piblikman pou yo kontinye aplike prensip yon entènèt ki lib ak louvri malgre aksyon FCC yo;

**KOTE**, Eta New York se yon gwo achtè sèvis Entènèt ak sèvis gwo vitès;

**KOTE**, Eta New York la gen responsablite pou li asire akizyon efikas pwodwi ak sèvis pou Eta New York ak sibdivizyon politik li yo, epi prensip netralite entènèt dirèkteman lye ak livrezon sèvis entènèt bon kalite ki gen vitès rapid pou Eta a;

**KOTE**, paske anpil sèvis gouvènman Eta New York la disponib sèlman sou Entènèt, epi rediksyon oubyen priyorite peyan ta pral limite kapasite moun New York ki pi vilnerab yo pou yo gen aksè a Entènèt; epi

**KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW. M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York la, atravè otorite ki invest nan mwen gras ak Konstitisyon ak Iwa Eta New York la, isit la deklare epi òdone gouvènman Eta New York, atravè Dekrè Ekzekitif sa a, pou yo pa antre nan pyès kontra pou sèvis entènèt sof si ISP yo aksepte pou yo adere a prensip netralite entènèt yo. Biwo Sèvis Jeneral yo (Office of General Services) oubyen kèlkeswa lòt antite gouvènman nan Eta New York la, jan nou defini li isit la, resevwa lòd pou li enkli nan pwosesis akizyon sèvis pou entènèt, done ak telekominikasyon kritè ki ekzije benefisyè kontra eta a pou yo adere a prensip netralite entènèt nan fason k'ap swiv la a:

A. Definisyon

1. Tankou nou itilize nan dokiman sa a, “netralite entènèt” vle di ISP yo pap bloke, redwi, oubyen priyore kontni oubyen aplikasyon entènèt oubyen ekzije itilizatè peye frè ki diferan oubyen pi wo pou aksede a tip espesifik kontni oubyen aplikasyon.

2. Tankou nou defini nan dokiman sa a, “Antite Eta a Ki Afekte” vle di (i) tout ajans ak depatman kote Gouvènè a gen Otorite Egzekitif; epi (ii) tout sosyete ki bay avantaj piblik, otorite piblik ak komisyon kote Gouvènè a deziyen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Komisyon, sof pou Port Authority New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey).

B. Responsablite Ajans

1. Atravè avi sa a, n'ap òdone Antite Eta ki Afekte yo pou yo modifiye pwosedi akizyon pou asire Antite Eta ki Afekte sèlman antre nan kontra ak ISP ki adere a prensip netralite entènèt epi pou asire yo ofri sèvis entènèt bay Antite Eta ki Afekte yo, sa enkli pwoteksyon netralite entènèt, epi espesifikman ISP pa ka bloke kontni legal, aplikasyon, sèvis, aparèy ki pa danjre, oubyen aplikasyon ki fè konkirans ak lòt sèvis ISP an founi. Kelkèswa kontra oubyen renouvèlman kontra Antite Eta ki Afekte yo siyen

pou sèvis entènèt nan dat premye (1) Mas, 2018 dwe enkli yon akò irevokab ki konsistan ak sa ki te presede a, epi Antite Eta ki Afekte pa dwe antre nan kontra ak pyès ISP, ajan pa konsekan, oubyen lòt antite ki ap ofri oubyen fè akizyon sèvis entènèt nan non pyès Antite Eta ki Afekte, san akò irevokab sa a.

2. Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) te òdone pou evalye aksyon potansyèl pou pwomouvwa netralite entènèt pou ka pwoteje aksè moun New York genyen a yon entènèt ki lib epi louvri.

TE SIYEN anba men mwen ak So

Prive Vil Albany nan  
vennkatriyèm jou mwa  
Janvye nan ane demil  
dizwit.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418